



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 1 dawout 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU KREYE PENALITE KI PI SEVÈ POU CHOFÈ YO KI GEN PLIZYÈ OFANS DWI**

***Chofè yo ki gen plizyè ofans DWI nan yon tan defini ki fenk pwolonje kounye a kap fè fas a yon akizasyon krim***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lejislasyon ki kreye Lwa Vince, yon amannman nan lwa aktyèl la ki pwolonje peryòd kote yo kapab konsidere plizyè DWI pou otomatikman envoke yon krim.

“Otomobilis yo ki souvan ap repete konpòtman kondwi sou enfliyans alkòl yo se yon danje pou tèt yo ansanm avèk tout lòt moun ki sou wout la, e yo pa gen plas dèyè volan an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lwa Vince pral kenbe moun neglijan sa yo andeyò plas chofè a epi ede anpeche pou pwochen trajedi na rive. Mwen remèsye pwomotè yo pou pwojè lwa sa a pou èd yo nan konbat kont chofè kap kondwi sou enfliyans e mwen fyè dèske mwen te siyen pwojè lwa sa an lwa jodia.”

Nome apre Vincent Russo, ki te mouri apre li te fin frape tèt antèt pa yon chofè ki gen plizyè ofans DWI, lwa Vincent lan vize pou kenbe residivis sa yo andeyò wout la. Nan ka Mesye. Russo a, chofè ki anfòt la te gen senk ofans DWI anvan sa e yo potko arete l.

Lwa sa a pral ogmante nivo penalite pou ofansè yo ki komèt twa oswa plis ofans ki gen rapò a DWI nan lespas 15 ane, avèk yon maksimòm tan nan prizon ki defini jiska 7 ane nan prizon eta ak yon amann jiska \$10,000—kote oparavan yo te ka pa pouswiv ofans sa yo tankou krim.

Senatè John De Francisco te deklare, “Vincent Russo te mouri trajikman pa yon chofè ki sou enfliyans alkòl, kantite alkòl ki te nan san l te kat fwa limit legal la, e li te lib pou l rete tann yon santans pou senkyèm vyolasyon DWI. Ofans repete kondwi pandan yon moun sou enfliyans alkòl se yon risk grav pou tout sitwayen yo ki sou otowout nou yo, e lwa sa a pral ede pou adrese pwoblèm sa nan ogmante penalite pou residivis yo. Mwen kontan paske Gouvènè a dakò e li te deside pou siyen pwojè lwa sa an lwa.”

Manm Asanble Samuel Roberts te deklare, “Twòp inosan Nouyòkè te pèdi lavi yo akòz moun ki chwazi pou yo kondwi pandan yo sou enfliyans alkòl. Mwen kontan paske mwen te patwone lwa Vince, sa ki

Haitian Creole

pral kenbe chofè yo ki gen plizyè kondanasyon DWI pou yo soti sou wout yo. Nan pran aksyon sa yo nap ede asire pi gwo pwoteksyon pou tout Nouyòkè yo ki sout wout la, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lwa sa ki pral kenbe Nouyòkè yo ansekirite.”

Lwa sa te pase nan toulède chanm yo tankou S7108 ak A8021-A, respektivman.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE